



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 27YÈM PWOPZISYON NAN DIKSOU SOU SITIYASYON ETA A AN 2020: TRANSFERE KÈ 76 LA NAN PAK RIVYÈ HUDSON POU LÒT ITILIZASYON**

***Anviwon 250,000 pye kare pwopriyete bò dlo ta dwe libere nan yon ane epi transfere nan Trust Pak Rivyè Hudson nan***

***Trust Pak Rivyè Hudson nan ta dwe devlope yon plan reitilizasyon k ap maksimize espas vè, lwazi, aksè kominotè ak mache potansyèl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 27èm pwopozisyon ajanda sityasyon Eta a an 2020 k ap fè transfè Kè 76 la ki te retade depi lontan, yo te itilize kòm yon debakadè pou NYPD pou kontwòl Trust Pak Rivyè Hudson nan antre nan konplèks pak la. Apeprè 250,000 pye kare ki sitiye sou tout bò dlo Manhattan nan, an fas nouvo Javits Center, Hudson Yards, ak the High Line.

Yo te prevwa transfere Kè a soti nan itilizasyon NYPD sa fè 20 de sa men transfè a pa t janm fèt. Kè a se dènye opòtinite enpòtan pou aksè nan kote lwès bò dlo a. Nan kad pwopozisyon Gouvènè a, Kè 76 la ap libere nan fen ane sa, e Trust Pak Rivyè Hudson nan, nan konsiltasyon ak Vil New York, konsèy ak reprezantan kominote a, ofisye eli lokal yo ak manm Asanble ak Senatè yo, ak lòt moun ki gen enterè yo, y ap devlope yon plan reitilizasyon.

Eta a ap ede Vil la idantifye lòt sit, si sa nesèsè, pou ede relocalize debakadè a nan fason rapid.

"Genyen yon kantite espas vè ki limite ki rete pou izaj kominote a, e nou dwe asire ke n ap pwoteje epi konsève l sou Kè 40 ak 76 la e n ap balanse bezwen finansye pak la avèk atansyon ak pwoteksyon espas vè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Redevlopman teren valab sa ap maksimize espas vè, potansyèl lwazi ak mache ki pa itilize ase yo, ak posiblite pou konekte moniman rejyonal tankou Javits ak High Line."

An 1998, Lwa sou Pak Rivyè Hudson nan te deklare Vil New York "dwe fè tout efò pou relakalize debakadè ki sou Kè 76 la". Apre plis pase 20 lane pwen mò, pwopozisyon sa ap finalman tounen vizyon sa an reyalitye. Pak Rivyè Hudson nan dwe devlope tou yon plan amelyorasyon pou Kè 40 lan. Nan devlopman plan pou Kè 40 ak Kè 76 la, Trust Pak Rivyè Hudson nan ta dwe devlope yon sistèm finansye konplè nan nivo pak la ak estrateji itilizasyon e si HRPT, kwè ke yon plan ta ka egzije nenpòt lòt otorizasyon lejislatif, yo dwe prezante demand sa anvan 1 Me pou yo ka konsidere l anvan fen sesyon lejislatif la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)